# Мәҳәлле хызметкерлери мүнәсип сыйлықланды

Бүгин 26-март қүни «22-март Мәҳәлле тараўы хызметкерлер күни» байрамы мүнәсибети менен Шоманай районы 13-санлы балалар музыка ҳәм көркем өнер мектебинде, райондағы барлық мәҳәлле тараўы хызметкерлери, Мәҳәлле қайырқомлық жәмәәтлик фонды ҳәм аўыл, мәкан пуқаралар жыйынларында көп жыл мийнет еткен кексе-нураныйлар қатнасында байрам кешеси өткерилди.

Image not found or type unknown

Байрам кешесин район ҳәкими Б.Янгибаев ашып берди ҳәм байрам мүнәсибети менен қутлықлады. Маҳәлле жәмийеттиң айнасы екен, ондағы пуқаралар, хожалықлардың татыў ҳәм мәҳәллениң абад болыўы ушын аянбай хызмет етип киятырған мәҳалле хызметкерлерине район ҳәкимлиги тәрепинен таярланған баҳалы саўғалар (ҳәр бир АПЖ,МПЖға) компютер топламы, район ҳәкими ҳәм сектор басшылары тәрепинен тапсырылды.

Image not found or type unknown

Соң Мәдeният бөлими хызметкерлери атқарыўында байрам концерт бағдарламасы келген мийманлар нәзерине усынылды.

Шоманай районы ҳәкимлиги мәлимлеме хызмети.